

## TRANSMISYON POLITIK

<b>SIJÈ:</b>	<b>Enfòmasyon SFW sou Pwosedi Règleman Griyèf ak Tretman Diskriminasyon-Plent nan tout Eta</b>	<b>Nimewo Pwosedi/Konsèy:</b> # 1 - PY 2006-2007
<b>APLIKE POU:</b>	<b>Tout Founisè Sèvis ki sou Kontra yo</b>	<b>Dat Efektif:</b> Imedyatman
		<b>Dat Revizyon:</b> 31 me 2007
		<b>Dat Espirasyon:</b> Endefini
<b>REFERANS:</b>	<b>Agency for Workforce Innovation Final Guidance 00-004</b>	

### **OBJEKTIF**

Objektif Transmisyon Politik sa a se ofri pwosedi estanda pou soumisyon ak tretman griyèf avèk plent diskriminasyon kont yon anplwaye, politik, oswa pwogram ke South Florida Workforce (SFW) [Mendèv Sid Laflorid] ap sipèvize. Pwosedi sa yo ofri rezolisyon rapid ak ekitab pou griyèf sa a.

### **KONTÈKS**

Dapre 20 CFR 667.600, chak zòn lokal, leta ak benefisyè fon dirèk selon Tit I nan WIA dwe tabli epi kenbe yon pwosedi pou griyèf ak plent. Agency for Workforce Innovation (AWI) [Ajans pou Inovasyon Mendèv] responsab mete sou pye politik nan domèn devlopman mendèv, tranzisyon nan alokasyon, konpansasyon pou chomaj, enfòmasyon sou mache travay la, aprantisaj bonè ak preparasyon pou lekòl. Florida Administrative Code [Kòd Administratif Laflorid], Chapit 60BB-1, mandate pou yo mete pwosedi règleman griyèf ak odyans yo an plas pou griyèf kont Welfare Transition (WT) [Pwogram Tranzisyon Èd Sosyal], Workforce Investment Act (WIA) [Lwa sou Envestisman nan Mendèv], Pwogram Trade Adjustment Assistance [Èd pou Ajisteman poutèt Pwoblèm ke Enpòtasyon Bay] (TAA), Pwogram Food Stamp Employment and Training (FSET) [Anplwa ak Fòmasyon pou Benefisyè Bon Alimantè] ak/oswa Wagner-Peyser (WP), ki afime ke gen yon vyolasyon dwa patisipan yo.

Kòm kliyan/aplikan/patisipan/pati entere, ou gen dwa soumèt yon griyèf oswa yon plent diskriminasyon si ou santi ke yo te trete ou ak enjistis an relasyon ak nenpòt ki pwogram mendèv ke SFW sipèvize. Y'ap ba ou yon kopi Pwosedi Règleman Griyèf sa yo epi y'ap enfòme ou sou kijan ou kapab jwenn yon kopi Statewide Discrimination Complaint Processing Procedures [Pwosedi pou Trete Plent Diskriminasyon nan Tout Eta a]. Yo mande ou tou pou ou siyen yon **Acknowledgement of Receipt of the Grievance Procedures** [Rekonesans ke ou Resevwa Pwosedi Règleman Griyèf yo] (Attachment 2 [2yèm Pyès ki Akonpanye])

**Tanpri note ke mo "griyèf" la ak pwosedi sa yo pa aplike nan ka ki enplike diskriminasyon posib. Pou yon deskripsyon pwosedi ki aplike pou plent diskriminasyon, gade Seksyon VI, pi ba a.**

*Yon anplwayè/pwogram ki bay tout moun menm opòtinite. Èd ak sèvis soutyen disponib sou demann pou endividi ki gen andikap. Moun k'ap sèvi avèk ekipman TTY/TDD [pou moun soud] kapab rele tout nimewo telefòn ak vwa ki nan dokiman sila a grasa Florida Relay Service [Sèvis Relè Laflorid la] nan 711, oswa lòt mannyè ke n'ap endike.*

## **PWOSEDI**

Pwosedì Règleman Griyèf South Florida Workforce yo dwe disponib fasilman ak yon manyè vizib nan biwo resepsyon chak Career Center [Sant Oryantasyon Pwofesyonèl] pou tout kliyan k'ap vizite Sant la.

SFW sèvi kòm antite administratif ak fiskal pou pwogram WIA, TAA, FSET ak WT yo. Si ou gen yon griyèf ki soulve poutèt yon pwogram ke yon patnè sèvis SFW ofri, SFW ap eseye rezoud pwoblèm nan yon manyè enfòmèl. Si pwoblèm nan pa kapab rezoud, yo dwe adopte pwosedì sila yo pou ba ou yon mekanis pou okipe griyèf ou a. **PREMYE** etap la se eseye rezoud griyèf ou a avèk Konseye Oryantasyon Pwofesyonèl ou, oswa sipèvizè dirèk yo. Si ou pa satisfè ak rezilta yo, ou gen dwa kontakte Sèvis Kliyantèl la nan (305) 594-761 5 (vwa) oswa (305) 470-5529 TTY/TDD.

Seksyon sa a ap bay pwosedì estanda pou soumision ak tretman griyèf kont yon anplwaye, politik, pwogram WT, FSET, TAA oswa WIA Tit I ke SFW administre. Se responsabiltè tout Patnè Pwogram ak Patnè Sèvis WT, TAA ak/oswa WIA Tit I pou yo tabli yon klima kote pwoblèm yon anplwaye, moun k'ap mande djòb, kliyan, aplikan oswa pati enterese kapab prezante rapidman, diskite epi jwenn konsiderasyon jis nan yon delè rezonab. Pwosedì sa yo ofri rezolasyon rapid ak ekitab pou griyèf sa yo. Yo dwe pwoteje konfidansyalite griyèf la ak tout aksyon ki se rezilta li.

### **I. Griyèf ke Pwosedì sa yo Kouvri**

**A.** Pwosedì sa yo kouvri aplikan/kliyan/patisipan/pati enterese SFW ki site pi ba a:

1. Moun k'ap Mande Djòb ke yo refize bay sèvis fòmasyon oswa entansif WIA pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
2. Patisipan nan Pwogram WT a ke yo refize bay edikasyon, fòmasyon oswa sèvis soutyen, oswa ke yo mete demann yo pou menm bagay sa yo an reta, oswa ki gen edikasyon yo, fòmasyon yo oswa sèvis soutyen yo ki chanje, redwi, oswa anile, pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal. Patisipan nan Pwogram WT a ki gen demann yo pou estansyon oswa ranvwa oswa egzansyon poutèt difikilte nan delè ke lalwa preskri a ke yo refize pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
3. Patisipan nan Refugee Employment & Training Program (RETP) [Pwogram Anplwa ak Fòmasyon pou Refijye] ke yo te refize bay edikasyon, fòmasyon soutyen oswa opòtinite anplwa poutèt rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
4. Benefisyè sèvis soutyen FSET ke yo refize ranbouse pou sèvis soutyen pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
5. Tout pati enterese ke yon desizyon oswa aksyon Sistèm SFW a afekte negativman, sa enkli desizyon Patnè Sèvis yo, an relasyon avèk pwogram WT, TAA oswa WIA Tit I ke SFW administre, pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.

SFW ofri moun k'ap mande djòb pwogram ak sèvis ke lòt Eta, ajans lokal ak òganizasyon administre. Si ou gen yon griyèf apwopode pwogram oswa sèvis youn nan patnè ko-lokalize yo (tankou AWI, Department of Children & Families [Depatman Timoun ak Fanmi], Job Corps [Kò Travay], Unemployment Compensation [Endamnizasyon Chomaj], Veterans [Veteran], ets.), ou gen dwa bezwen trete griyèf ou a selon règ ak pwosedì ki an plas pou òganizasyon oswa antite sa a. Ou dwe pale ak direktè pwogram patnè ke ou ta renmen depoze griyèf kont li a oswa mande Konseye Oryantasyon Pwofesyonèl ou a idantifye patnè pwogram kòrèk la.

**B.** Ou gen dwa soumèt yon griyèf si:

1. Ou gen yon griyèf ki gen pou wè ak pwogram ke SFW dirije si ou santi ke yo vyole dwa ou oswa ou kwè ke ou te afekte negativman nan sa ki gen pou wè ak yon pwogram ke SFW dirije pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
2. Ou enskri nan yon pwogram ke WIA oswa WT dirije epi ou mande yon sèvis oswa avantaj pwogram epi yo refize ba ou sèvis oswa avantaj la konplètman oswa an pati, keseswa pa avi refi alekri ou non, pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
3. Ou se yon kliyan On the Job Training [Fòmasyon pandan Anplwa], Customized Training [Fòmasyon Pèsonalize], oswa yon lòt Training Partner [Patnè Fòmasyon] (selon WIA Tit I oswa TAA) ki gen elijibilite li ke yon Dirijan Sant Oryantasyon Pwofesyonèl te refize oswa anile ak tò pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
4. Ou se yon patisipan (dapre WIA Tit I oswa TAA) epi yo sanksyonnen ou pou izaj sibstans sou kontwòl pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
5. Ou se yon anplwaye regilye oubyen yon patisipan nan pwogram WIA, TAA, WT oswa FSET ke yon patisipan nan pwogram WIA, TAA, WT oswa FSET deplase pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
6. Ou se yon patnè Sant Oryantasyon Pwofesyonèl la oswa yon patnè sèvis selon WIA, TAA, WT epi sistèm Sant Oryantasyon Pwofesyonèl SFW a te afekte ou negativman pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
7. Ou se yon patisipan nan WT oswa FSET ke yo sanksyonnen ak tò poutèt ou pa respekte aktivite travay pou rezon ki pa diskriminasyon ilegal.
8. Depi SFW, oswa yon patnè sèvis ke SFW sipèvize, pran yon desizyon ki afekte sèvis soutyen ou, edikasyon ou, fòmasyon ou, oswa aktivite travay ou, y'ap ba ou yon avi ekri - Status of Request for Support Services, Status of Request for Transitional Services [Demann Eitati pou Sèvis Soutyen, Demann Eitati pou Sèvis Tranzisyon] — nan twa (3) jou travay pou pi plis. Avi desizyon sa a ap pale ou de dwa ou pou ou soumèt griyèf ou pou desizyon an atravè pwosedi enfòmèl ak/oswa fòmèl yo epi y'ap di ou kilè ou kapab jwenn yon kopi pwosedi règleman griyèf sa yo, epitou Statewide Discrimination Complaint Processing Procedures [Pwosedi Tretman Plent Diskriminasyon nan Tout Eta a]. Avi a ap pale ou tou de delè ki aplikab yo, si genyen, pou pwosesis règleman griyèf la. Si ou pa resevwa yon avi desizyon ekri nan twa (3) jou pou pi plis sou desizyon ki afekte sèvis soutyen ou yo, edikasyon ou, fòmasyon ou, oswa aktivite travay ou, ou gen dwa toujou soumèt griyèf ou sou desizyon an atravè pwosesis enfòmèl ak/oswa fòmèl ki rezime pi ba a.

## II. Griyèf ke Pwosedi Sa Yo pa Kouvri

- A. Pwogram WIA, TAA, FSET ak WT yo se pa pwogram endamnite. Sa vle di ke menm si ou koresponn ak deskripsyon endividi ki gen dwa elijib pou resevwa sèvis nan pwogram sa yo, yo gen dwa toujou refize ou aksè nan pwogram nan oswa refize ou yon sèvis espesifik ki admisib dapre règ pwogram nan. Sa pa konsidere yon vyolasyon lalwa. Sa gen dwa rive poutèt:

1. Rejyon an gen dwa pa gen ase fon pou enskri ni ou ni ankenn lòt patisipan nan yon pwogram, ni pou ofri ou oswa yon lòt patisipan yon sèvis nan moman ou aplike oswa bezwen sèvis la. Si Konsèy Rejyonal la, Leta Laflorid oswa gouvènman Federal la enpoze yon blokaj finansman pou pwogram oswa sèvis la, pap gen ankenn fonman pou soumèt yon griyèf fòmèl. Ou gen dwa jwenn sou demann yon kopi aksyon lokal, leta, oswa federal aplikab ki bloke fon sa yo.
2. Zòn lokal yo fleksib nan desizyon yo sou tip ak konbinezon sèvis ke y'ap ofri nan lokalite yo. Konsèy administrasyon SFW yo pran desizyon sa yo lokalman. Konsèy administrasyon SFW gen dwa deside pa ofri yon avantaj oswa sèvis patikilye. Nan ka sa yo pap gen fonman pou soumèt yon griyèf fòmèl. Ou gen dwa jwenn sou demann yon kopi politik ki aplikab la.
3. Selon WIA gen kritè elijibilite ak priorite. Endividi k'ap chèche sèvis, men ki pa respekte kritè elijibilite oswa priorite yo, pa kapab resevwa sèvis ak fon sa yo. Yo kapab ba ou kritè priorite sa yo sou demann. Si ou pa konteste fè ke ou pa respekte kritè elijibilite oswa priorite yo, ou pa gen fonman pou yon griyèf fòmèl. Si ou swete montre ke ou respekte kritè ki aplikab yo, ou gen dwa soumèt yon griyèf fòmèl.
4. Workforce Boards [Konsèy Travayè] lokal yo fleksib nan enpoze egzijans oswa nan devlope politik ak pwosedi ki aplikab pou pwogram ak sèvis yo. Yon politik ke yo adopte kapab restrenn aksè nan yon pwogram oswa sèvis oubyen gen dwa limite disponibilite pwogram oswa sèvis la. Nan ka sa yo, pap gen fonman pou soumèt yon griyèf fòmèl. Ou gen dwa jwenn sou demann yon kopi politik ki aplikab la.

*Nòt: Si yo refize ou sèvis pou youn nan rezon ke nou sot site yo, ou gen dwa toujou swiv pwosedi griyèf enfòmèl ki preskri yo, men ou kapab pa gen dwa jwenn yon odyans devan yon Hearing Officer [Ajan Odyans].*

- B.** 20 CFR 667.630 dekri pwosesis pou rapòte plent ak/oswa rapò sou fwòd kriminel ak abi. Ou dwe rapòte plent/rapò yo imedyatman bay USDOL (U.S. Department of Labor) Office of Inspector General, Office of Investigations, Room S5514, 200 Constitution Avenue NW, Washington, D. C. 202 10.

Ou kapab poste plent oswa rapò yo tou bay:

USDOL South East Regional Inspector General for Investigations, Office of Investigations, Sam Nunn Atlanta Federal Center, 61 Forsyth Street, SW, Suite 6T1, Atlanta, Georgia 30303 ak yon kopi ke w'ap bay Employment and Training Administration [Administrasyon Anplwa ak Fòmasyon] an menm tan.

Ou kapab rapòte tou rapò oswa plent pou fwòd kriminel ak abi nan Sèvis Asistans Telefonik USDOL la nan 1-800-347-3756 (vwa) oswa 800-877-8339 (Federal Relay Service [Sèvis Relè Federal]-- pou TTY/TDD [moun soud]).

- C.** Si ou se yon patisipan nan Welfare Transition epi elijibilite ou pou asistans an lajan likid TANF [Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen] oswa alokasyon lajan likid bon alimantè ou oswa Medicaid ou redwi oswa anile, epi ou pa dakò ak aksyon yo pran kont ou a, men ou pa kwè ke yo te pran aksyon an pou rezon diskriminasyon ilegal, ou dwe soumèt yon griyèf nan Biwo Department of Children and Families [Depatman Timoun ak Fanmi] lokal la. Responsab Ka ou a kapab ede dirije ou nan bon ajans la epi li kapab ba ou adrès ak nimewo telefòn nan.

- D. Si ou se yon patisipan nan FSET epi elijibilite oswa alokasyon bon alimantè ou redwi oswa anile, epi ou pa dakò ak aksyon ke yo pran kont ou a, men ou pa kwè ke yo pran aksyon sa a pou rezon diskriminasyon ilegal, ou gen dwa soumèt yon griyèf nan Department of Children and Family Services [Depatman Sèvis pou Timoun ak Fanmi] lokal la. Responsab Ka ou a kapab ede dirije ou nan bon ajans la epi li kapab ba ou adrès ak nimewo telefòn nan.
- E. Si ou te afekte negativman poutèt yon desizyon oswa yon aksyon AWI oswa yon antite administratif Leta kòm rezilta patisipasyon ou nan Pwogram WT, oswa pwogram WIA Tit I ke SFW administre, men ou pa kwè ke yo te pran ni desizyon an ni aksyon an pou rezon diskriminasyon ilegal, ou dwe soumèt griyèf ou nan nivo Leta. Si ou soumèt griyèf sa a bay SFW, ajans la ap voye griyèf ou a bay antite ki apwopriye a pou aji. Antite a ap gen swasant (60) jou pou okipe griyèf la. Peryòd swasant (60) jou a ap kòmanse lè yo resevwa griyèf la.
- F. Si ou se yon patisipan nan yon Pwogram WT epi ou gen yon griyèf ki gen pou wè ak founiti sèvis aktivite travay ke TANF finanse, Alternate Plan Requirements [Egzijans Plan Sibstiti], sèvis soutyen, pwogram divèsyon ak lòt fonksyon mendèv ke WIA ofri, men ou pa kwè ke yo te pran aksyon an pou rezon diskriminasyon ilegal, ou dwe soumèt griyèf ou bay AWI.
- G. SFW pa tande plent ki gen pou wè ak deskriminasyon, avèk sante ak sekirite. Pou enfòmasyon sou sa pou ou fè si ou kwè ke ou gen yon plent ki gen pou wè ak diskriminasyon, ak/oswa sante ak sekirite, tanpri refere ou ak Atik VII pi ba a.

### III. Pwosedi Rezolisyon Enfòmèl

- A. Se jeneralman mannyè pi konvnan pou jwenn yon remèd. Li rekòmande pou ou eseye rezoud griyèf ou a yon mannyè enfòmèl, toudabò. Pwosesis enfòmèl la gen ladann kat (4) etap. Sepandan, si nenpòt ki lè pandan pwosesis sa a, ou kwè ke ou pa jwenn yon remèd satisfèzan, alòs ou gen dwa mande yon odyans fòmèl.
- B. Si ou se yon patisipan epi ou vle swiv pwosesis règleman griyèf enfòmèl la, alòs men sa ou dwe fè:
  1. Pale de pwoblèm nan avèk Responsab Ka/Konseye Oryantasyon Pwofesyonèl ou.
  2. Si pwoblèm nan pa rezoud, ou gen dwa mande yon rankont avèk Responsab Ka Prensipal la. Responsab Ka Prensipal la dwe rankontre avèk ou nan vennkat (24) èdtan pou pi plis oswa pwochen jou ouvrab la, si gen yon wikenn oswa yon konje ki entèvni.
  3. Si rankont avèk Responsab Ka Prensipal la pa gen kòm rezilta yon remèd satisfèzan, ou gen dwa mande yon rankont avèk Direktè Sant Oryantasyon Pwofesyonèl la. Y'ap fikse oswa fè rankont sa a nan twa (3) jou travay pou pi plis apre yo fin resevwa demann ou an pou ou rankontre ak Direktè Sant Oryantasyon Pwofesyonèl la. Responsab Ka Prensipal la ap pwograme rankont sa a.
  4. Si pwoblèm nan toujou pa rezoud, oswa si ou swete sote Etap 1, 2 ak 3, alòs ou gen dwa soumèt yon demann pou rankontre ak yon reprezantan Sèvis Kliyantèl SFW a; pou sa w'ap ranpli Written Grievance Form [Fòm Griyèf Ekri a].
- C. Pou soumèt yon demann ekri pou yon Informal Resolution Meeting Form [Fòm Rankont pou Rezolisyon Enfòmèl], tanpri ranpli **Written Grievance Form, Attachment 1 [Fòm Griyèf Ekri, 1ye Pyès ki Akonpanye]**. Asire ou dèske ou bay tout enfòmasyon yo mande yo, sa enkli enfòmasyon kontak pou yo kapab jwenn ou pou fikse rankont la.

Ou kapab jwenn fòm sa a tou nan Biwo Administratif South Florida Workforce nan 7300 Corporate Center Drive, Suite 500, Miami, Florida 33126-1234 oswa nan nenpòt ki Sant Oryantasyon Pwofesyonèl nan konte Miami-Dade ak Monroe ki sou lis sit Entènèt South Florida Workforce-la ki se [www.southfloridaworkforce.com](http://www.southfloridaworkforce.com) oswa ou kapab itilize yon fèy papye 8 ½ x 11 (sa yo rele “letter size paper”) epi enkli otan enfòmasyon ou kapab tankou:

1. Tout plent dwe fèt alekri.
2. Ou dwe siyen epi mete dat sou tout plent yo.
3. Tout plent dwe enkli enfòmasyon sila yo: non ou, adrès pou nou kontakte ou, avèk yon nimewo telefòn pou nou rele ou.
4. Demann ou voye a dwe gen siyati moun k’ap pote plent la oswa siyati reprezantan li epi li dwe yon dokiman orijinal si sa posib. Si w’ap fakse plent ou a, pa bliye voye orijinal la pa lapòs nan yo delè senk (5) jou apre ou fakse li.
5. Tout plent dwe enkli yon deklarasyon sou lwa ou panse yo vyole a epi/oswa rezon ou panse ou gen dwa a sèvis oswa avantaj yo refize ba ou a, ki gen reta a, yo chanje a, oswa yo sispann ba ou a.
6. Plent ou an dwe di ki solisyon ou wè a pwoblèm nan.
7. Plent yo pa dwe depase senk (5) paj, men sa pa enkli dokiman apa ou vle pou Ofisye Odyans la gade yo.
8. Si ou gen yon andikap epi ou bezwen akomodasyon, oswa si ou se yon moun ki pa pale angle epi ou bezwen yon entèprèt, enkli yon deklarasyon alekri pou di kisa ou bezwen, ansanm avèk plent la. SFW ap eseye fè akomodasyon ki rezonab yo.

Ou te mèt vin bay men nan men, fakse oswa voye Fòm Plent Alekri a pa lapòs, bay:

**South Florida Workforce**  
**Attn: Customer Service Unit**  
**7300 Corporate Center Drive, Suite 500**  
**Miami, FL 33126-1234**  
**Fax: (305) 470-5519**

*Atansyon: Tanpri pa fè demann nan telefòn. Tout plent fòmèl dwe fèt alekri. Yo dwe pran yon desizyon nan yon delè swasant (60) jou apre ou pote Plent Alekri a.*

Y’ap planifye yon rankont enfòmèl avèk Sèvis Kliyantèl la nan yon delè (3) jou ouvrab apre yo resevwa Fòm Plent Alekri ou a, oswa si ajans la pa an mezi kontakte ou, twa (3) jou ouvrab apre yo antre an kontak avèk ou.

***Si pwoblèm yo rezoud pandan nenpòt kilès nan etap rankont enfòmèl avèk Sèvis Kliyantèl la, y’ap ekri yon akò epi y’ap mande tout moun siyen li. Sa va fòmèlman met fen a plent ou a.***

#### **IV. Pwosedì Fòmèl pou Pote Plent**

Si pwoblèm nan pa rezoud grasa rankont enfòmèl avèk Sèvis Kliyantèl epi ou ta vle kontinye avèk plent ou an, Sèvis Kliyantèl la ap mande ou siyen yon demann pou yon odyans fòmèl.

##### **A. Lè ou siyen yon demann pou odyans fòmèl:**

1. Sèvis Kliyantèl la ap mete yon so ki gen dat sou li touswit sou fòm demann pou odyans fòmèl ke ou siyen an, epi y'ap voye l' bay Equal Opportunity Officer (EOO) ki se Ofisye Opòtinite Egal Ego SFW. Lè sa a, EOO an ap chwazi yon Ofisye Odyans, planifye dat avèk lè odyans fòmèl la, epitou l'ap avèti alekri tout moun ki konsène yo.
2. Ou menm avèk reprezantan ou, si ou gen youn, ap resevwa yon avètisman alekri ki ba ou dat odyans la, ansanm avèk lè ak kote odyans la ap fèt. Y'ap fè odyans sa a nan Biwo Administratif SFW, sòf si ou mande alekri pou odyans la fèt nan Sant Oryantasyon Pwofesyonèl ou a.
3. Y'ap fè w' konnen ki desizyon yo pran alekri nan yon delè trannsenk (35) jou apre Ofisye Odyans la resevwa demann pou odyans ou fè a.
4. Moun ap resevwa avètisman pou odyans la nan yon kourye sètifye avèk akize resepsyon, omwen kenx (15) jou anvan odyans la.
5. Si w'ap patisipe nan yon pwogram lè ou pote plent la, plent sa a pap afekte sèvis w'ap resevwa yo.

##### **B. Men kisa avètisman an ap fè w' konnen:**

1. Dat, lè avèk ki kote odyans lan ap fèt, epitou kijan ou kapab mande senten akomodasyon, sa enkli yon entèprèt, san ou pa peye anyen;
2. Sesksyon WIA, TAA, WT oswa FSET oswa nenpòt ki lòt règleman federal, lwa sou pwogram, oswa lòt politik ki gen pou wè avèk bagay sa a;
3. Dwa ou genyen pou ou mennen temwen epi pou ou mande senten moun pou yo vini, tankou manm pèsònèl la, konseye ou, responsab ka a avèk/oswa sipèvizè a oswa lòt moun ki sou kontra avèk SFW oswa ki fè pati pèsònèl li, pou si ou ta renmen poze yon keksyon oswa si ou ta renmen pou ofisye odyans la tandè temwayaj yo. SFW ap fè tout sa li kapab pou moun ki sou kontra oswa manm pèsònèl ou mande a vini nan odyans la, nan lè yo mande a. Sepandan, temwen, manm pèsònèl, konseye ou, responsab ka a avèk/oswa sipèvizè ou pa oblije la pou Ofisye Odyans la pran yon desizyon.
4. Dwa ou genyen pou yon lòt moun, yon avoka oswa yon lòt reprezantan ou chwazi, reprezante ou nan odyans la oswa pale pou ou nan odyans la, sa enkli poze keksyon bay pèsònèl ki enplike nan desizyon ki afekte ou an;
5. Dwa ou genyen pou ou jwenn gratis yon kopi dosye ou oswa lòt dokiman ou panse ki gen dwa ede ka ou. SFW pap bay kopi lwa a men l'ap ba ou yon kopi règleman SFW oswa règleman moun ki sou kontra avèk li a epi ki enplike nan konfli a, si ou mande sa epi si yo pa ba ou yon kopi deja;
6. Dwa ou genyen pou ou prezante dokiman kòm prèv, temwayaj, ak agiman pou jistifye pozisyon ou nan odyans la epitou pou ou poze tout temwen keksyon;

7. Dwa Ofisye Odyans la genyen pou li anile plent la si ou menm oswa reprezantan ou an pa parèt nan odyans la, sòf se pou yon rezon valab;
8. Ofisye Odyans la ap kondwi odyans la yon mannyè enfòmèl, epi l'ap pran desizyon baze sou fè avèk prèv yo prezante ba li yo.
9. Ofisye Odyans la ap deside si temwayaj ak prèv yo pote yo admisib;
10. Y'ap pran yon desizyon nan yon delè swasant (60) jou apre yo resevwa plent alekri ou a;
11. Kote ak kijan ou kapab fè yon apèl si ou pa satisfè de dezisyon yon pran an;
12. Pati yo (ou menm avèk SFW) kapab mete nou dakò pou etann delè swasant (60) jou a si youn nan pati yo bezwen plis tan epi lòt pati a dakò;
13. SFW ap fè aranjman alavans pou anrejistre, transkri, oswa prezève odyans la epi y'ap ba ou yon kopi anrejistreman an (kasèt) san ou pa peye anyen apre ou montre ou pa an mezi peye pou transkripsyon odyans la. Chak pati ki vle yon kopi transkripsyon an dwe peye pou transkripsyon an. Moun ki pa gen lajan dwe swiv pwosedi ki ekri nan seksyon 60BB-1007 (4) avèk (5) F.A.C pou yo jwenn yon transkripsyon gratis; epi
14. Si ou deklare te gen yon vyolasyon estanda travay, ou te mèt voye plent ou a pou ou jwenn abitraj si akò negosyasyon kolektif ki aplikab la pèmèt pwosedi sa a.

## V. Apèl yon Odyans

### A. Ou gen dwa mande AWI yon apèl si:

1. te gen yon odyans epi youn nan pati yo pat satisfè avèk desizyon Ofisye Odyans la oswa desizyon sa a afekte youn nan pati yo yon fason negatif;
2. Si odyans la pat fèt nan yon delè swasant (60) jou apre yo te resevwa plent la; oswa
3. Si te gen yon odyans, men yo pat pran desizyon nan delè obligatwa swasant (60) jou a.

B. Apèl la dwe brèf (si sa posib, li pa dwe depase senk (5) paj; sa pa konte dokiman apa ke w'ap voye) epi yo dwe voye li pa kourye sètifye avèk akize resepsyon, bay AWI Office of General Counsel, Caldwell Building, MSC 1 10, 107 East Madison Street, Tallahassee, FL 32399-4128.

C. Nan mezi sa posib, demann pou apèl la dwe bay lis fè, lwa avèk pwosedi, ets. ke moun k'ap plenyen an panse ki enpòtan pou yo asepte apèl la. Demann pou apèl la dwe fèt bay AWI nan yon delè trant (30) jou apre moun nan resevwa desizyon Ofisye Odyans la oswa nan yon delè (30) jou apre delè obligatwa **60 jou** SFW genyen pou li aji a fin pase. Demann nan dwe enkli adrès moun k'ap pote plent la paske se la y'ap voye avètisman ofisyèl ba li.

D. Leta gen dwa revoye plent la bay SFW pou li fè yon lòt odyans oswa egzije lòt mwayen pou rezoud plent la.

E. Selon règleman WIA, 20 CFR Seksyon 667.610, si RWB oswa Leta pa pran yon desizyon sou yon ka ki pa gen pou wè avèk afimasyon diskriminasyon ilegal nan delè obligatwa 60 jou a, moun k'ap pote plent la gen dwa mande yon apèl bay USDOL. Yo dwe mande apèl la bay USDOL nan yon delè 120 jou apre plent la al jwenn Leta, oswa demann apèl pou plent lokal la al jwenn Leta. An menm tan, yo dwe bay yon kopi apèl la bay Administratè Rejyonal ki konsène a avèk pati opoze a. Demann pou Revizyon/Apèl la dwe fèt pa kourye sètifye avèk akize resepsyon bay Secretary, U.S. Department of Labor, Washington, D.C. 20210, Attention ASET.

## VI. Plent ki Gen pou Wè avèk Diskriminasyon oswa Sante avèk Sekirite

### A. Diskriminasyon

**Pwosed** pou plent lè gen diskriminasyon se pa menm bagay avèk pwosed plent yo dekri lòt kote nan dokiman sila a. **Nenpòt ki moun gen dwa pote** plent pou diskriminasyon, sa enkli (anplis de lòt moun) nenpòt ki anplwaye, oswa kliyan yon Sant Oryantasyon Pwofesyonèl, operatè Sant Oryantasyon Pwofesyonèl, antrenè, oswa moun ki responsab lòt pwogram oswa aktivite yo ofri atravè sistèm Sant Oryantasyon Pwofesyonèl la, si moun sa a santi li menm, oswa nenpòt ki “klas moun” (group moun) espesifik, te viktim diskriminasyon ilegal nan kad yon pwogram oswa aktivite yo ofri atravè sistèm Sant Oryantasyon Pwofesyonèl la, oswa nan men AWI oswa SFW. Lalwa federal avè/oswa lwa deta entèdi diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, andikap, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, estati sivil, afilyasyon oswa kwayans politik, patisipasyon nan ankenn pwogram oswa aktivite WIA Tit I ki bay asistans, oswa diskriminasyon ki baze sou sitwayènte oswa estati antan ke imigran ki gen otorizasyon travay Ozetazini.

SFW pa jere plent diskriminasyon nan nivo lokal. Si ou panse ou menm, oswa yon moun ou konnen, te viktim diskriminasyon ilegal, tanpri gade Pwosed pou Trete Plent pou Diskriminasyon nan Tout Eta a. Ou kapab jwenn pwosed sa yo sou sit AWI a ki se:

**[http://floridajobs.org/civilrights/ocr\\_complaint.html](http://floridajobs.org/civilrights/ocr_complaint.html)**

Ou gen dwa jwenn plis enfòmasyon sou dwa ak responsabilite ou genyen nan kad anti-diskriminasyon ak opòtinite egal ego sou sit ki make pi wo a tou. Pa bliye, Konseye Oryantasyon Pwofesyonèl SFW ou a kapab ede w' idantifye ajans oswa depatman apwopriye a pou demann ak plent ou gen pou pote nan zafè diskriminasyon.

### B. Pwoblèm Sante ak sekirite

Estanda sante ak sekirite ke yo tabli selon lwa Federal ansanm avèk/oswa selon lwa Leta ki aplikab pou kondisyon travay anplwaye yo aplikab tou pou patisipan nan pwogram ak aktivite anba Tit I WIA avèk patisipan ki nan aktivite anlwa. **SFW pa jere plent ki gen pou wè avèk sante avèk sekirite**. Si ou gen yon plent ki gen pou wè ak sante oswa sekirite, tanpri pote plent ou bay:

Agency for Workforce Innovation  
Office of General Counsel  
Caldwell Building, MSC 110  
107 East Madison Street  
Tallahassee, Florida 32399-4 128  
(850) 245-7150  
Florida Relay Service: 71 1

Ou gen dwa voye plent sou zafè sante ak sekirite bay kote sila a:

U.S. Department of Labor  
Occupational Safety and Health Administration  
200 Constitution Avenue, N.W. Washington, D.C. 202 10  
<http://www.osha.gov/as/opa/worker/index.html>  
1-800-321-OSHA (6742) (voice) or  
TTY 1-877-889-5627

ENPÒTAN: Si ou voye yon plent sou zafè sante ak sekirite bay U.S. Department of Labor, ou dwe voye yon kopi plent la bay AWI tou, nan adrès ki pi wo a.

Pou plis enfòmasyon sou sa ki konsène pwoblèm sante ak sekirite, vizite sit Entènèt Occupational Safety and Health Administration [Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay] la ki se <http://www.osha.nov> oswa pa Florida Department of Health [Depatman Sante Laflorid], ki se <http://www.doh.state.fl.us>.

Fòm yo akonpanye dokiman sila a

**DOKIMAN 1**

**Fòm pou Plent Alekri**

- Tcheke yon sèl:  Workforce Investment Act (WIA) [Lwa sou Envestisman nan Mendèv]  
 Welfare Transition Program [Pwogram Tranzisyon Èd Sosyal]  
 Refugee Employment and Training Program [Pwogram Anplwa ak Fòmasyon pou Refijye]  
 Lòt (dekri): \_\_\_\_\_

<b>Enfòmasyon sou Patisipan</b>		
Non Fanmi		Non
Nimewo Sekirite Sosyal <i>Gade nòt ki nan fen fòm sa a.</i>	Adrès	Vil/Zipkòd
Telefòn ( )	Lòt Telefòn ( )	
Sant Oryantasyon Pwofesyonèl /Ajans/Oganizasyon:	Adrès Sant Oryantasyon Pwofesyonèl/Ajans:	
Telefòn: ( )	Konseye Oryantasyon Pwofesyonèl:	
Tanpri esplike poukisa ou ta vle yon Rankont Rezolisyon Enfòmèl		
<p><b>Voye fòm nan pa lapòs bay:</b>          South Florida Workforce (SFW)          7300 Corporate Center Drive, Suite 500          Attention: Customer Service Unit          Miami, FL 33126-1234</p> <p>Si ou gen ankenn keksyon epi ou ta renmen pale avèk yon Repezantan Sèvis Kliyantèl, tanpri rele (305) 594-7615 (vwa) oswa (305) 470-5529 (TTY/TDD).</p>		
<b>POU BIWO SELMAN</b>		
Repezantan Sèvis Kliyantèl (Ekri non an lèt detache):	Dat Yo resevwa Demann pou Rankont Rezolisyon Enfòmèl la:	
	/ /	
Siyati	Eske Rankont pou Rezolisyon Enfòmèl la fèt?	
	<b>W N</b>	
<b>PATISIPAN</b>		
Rankont pou Rezolisyon Enfòmèl sa a <b>REZOU</b> pwoblèm mwen:	<b>W N</b>	
Rankont pou Rezolisyon Enfòmèl sa a <b>PA REZOU</b> pwoblèm mwen, epi mwen mande yon odyans FOMEL :	<b>W N</b>	
Siyati Patisipan/Dat::	Siyati Rep. Sèvis Kliyantèl/Dat::	
	Dat yo voye l' bay Ofisye E.O.: / /	

**Atansyon:**

**Deklarasyon Lwa sou Zafè Prive:** Divilgasyon nimewo sekirite sosyal ou se yon bagay volontè. Yo mande li poutèt seksyon 119.071(5)(a)2, Lwa Laflorid. Y'ap sèvi ak nimewo sekirite sosyal ou pou idantifye ou kòm kliyan sèlman.

**DOKIMAN 1**

**Rekonesans ke ou Resevwa Pwosedri Règleman Griyèf yo**

**Remak pou: Responsab Ka Patnè Sèvis South Florida Workforce (SFW)**

**Tabpri ranpli fòm sa a ansanm ak patisipan ou a. Plase fòm orijinal la nan dosye patisipan an. Ou te mèt bay patisipan an yon kopi.**

**Mwen sètifye ke mwen resevw ayon kopi Pwosedri Règleman Griyèf South Florida Workforce la.**

\_\_\_\_\_  
Non Patisipan an (An lèt detache)

\_\_\_\_\_  
Siyati Patisipan an

\_\_\_\_\_  
Dat